

PAJ ENFÒMASYON REKLAMASYON AVÈK ANTYÈSMAN (ESCROW)

ETABLISMAN REKLAMASYON ENDEPANDAN

Yo pral kreye yon nouvo reklamasyon endepandan ak manda pou li pi jis, pi vit, ak pi transparan lè y ap peye reklamasyon pou domajman moun ak biznis yo.

- Pou asire endepandans, Kenneth Feinberg, ki te administre Fon Konpansasyon Pou Víktim 11 Septanm yo, pral sèvi tankou administratè endepandan pou reklamasyon yo.
- Etablisman yo pral devlope estanda pou reklamasyon ki kapab rekouvri ki pral pibliye yo.
- Pral genyen yon komisyón jij pou tandé apèl moun fè kont desizyon administratè a.
- Etablisman an fèt pou reklamasyon moun ak biznis kontaminasyon petwòl la frape yo: BP pral kontinye regle reklamasyon gouvènman lokal, eta, tribal, ak federal yo dirèkteman.
- Etablisman an pral deside tout reklamasyon byen vit mezi li posib, epi pral respekte lwa ki déjà egziste parapò a tan yo sipoze pran.
- Moun ki ap fè reklamasyon ki pa satisfè yo genyen tout dwa devan lalwa, tankou dwa pou yo ale nan tribinal oubyen ak Fon Responsabilite Kontaminasyon Petwòl la.
- Desizyon sou lalwa etablisman reklamasyon endepandan yo fè dwe angaje BP.
- Tout reklamasyon yo jije nan etablisman sa a genyen aksè a yon kont antyese pou peman.

KONT ANTYESE (ESCROW)

BP dakò pou li kontribiye \$20 Bilyon pandan yon peryòd kat ane ak yon to \$5 bilyon pa ane, ki genyen \$5 milya dola nan ane 2010 la. BP pral mete \$20 bilyon akote kòm byen Etazini pou bay asirans pou angajman sa yo.

- BP re-affime angajman li pou peye tout pri ak domajman pou moun ki te deplase yo ke li dwe kòm yon konpayi ki responsab. Li pa pral reklame okenn limit OPA bay sou responsabilite pou evite responsabilite.
- Kreyasyon kont antyese a pral bay publik la asirans ke lajan yo pral disponib pou peye moun ki blese yo.
- Kont sa a pa genyen responsabilite ki ni twò piti, ni twò gwo.
- Kont antyese a la pou peye reklamasyon etablisman reklamasyon endepandan an jije, ak jijman ak règleman, pri pou dega nan resous natirèl, ak pri pou repons eta ak lokal yo.

KONTRIBISYON VOLONTÈ POU TRAVAYÈ FORAJ YO

- BP pral kontribiye yon fondasyon \$100 milyon pou sipòte travayè foraj ki nan chomaj yo.
- Pwopozisyon pou lejislatif Administrasyon Me an t ap kreye yon nouvo pwogram asistans chomaj, ki fèt sou modèl Pwogram Asistans Chomaj Dezas la, pou bay alokasyon pou travayè yo ki pèdi travay yo akòz de kontaminasyon ki te afekte tout peyi a.

SIPÈVIZYON ANVIWÒNMAN AK SANTE

- BP te pwomèt \$500 milyon pou Inisyativ Rechèch Gòlf Meksik pandan dis ane a pou amelyore konpreyansyon konsekans kontaminasyon petwòl ak gaz ak jan pou kontwole li.
- Nan inisyativ sa a, BP pral travay ak gouvènè, otorite anviwònman ak sante eta ak lokal pou planifye pwogram sipèvizyon alontèm ak asire sante anviwònman ak publik nan Rejyon Gòlf la.